


# Ou Gen Preyokipasyon Osijè Avantaj Piblik ak Imigrasyon?

 Pa sispann itilize benefis leta yo si li pa nesesè pou w fè sa. Ou gen dwa pou jwenn swen ak sipò ou bezwen san ou pa bezwen pè. Anpil sèvis vil la bay, ki gen ladann sèvis swen sante ak sèvis sosyal, disponib pou tout rezidan Nouyòk yo kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo.

 Li enpòtan pou w konnen sa ki annapre a:

- Apatide 9 mas 2021, règ chaj piblik administrasyon Trump la pa valab ankò. Politik sa a te fè imigran yo doute sou posibilite yo genyen vreman pou itilize avantaj leta bay akòz preyokipasyon yo genyen nan zafè imigrasyon. Gouvènman federal la pral rekòmanse itilize politik li te gen deja anvan yo.
- Rezidan Vil Nouyòk yo kapab jwenn aksè nan anpil sèvis sante ak sèvis sosyal, ki gen ladann Medicaid ann ijans, èd ak manje, pwoteksyon pou lokatè ak èd jiridik gratis. Sitiyaasyon imigrasyon ou, kapasite w pou w peye ak sitiyaasyon travay ou pa konte.
- Si ou pran vaksen COVID-19 la, ou fè tès oswa ou resevwa tretman, sa p ap gen okenn enpak sou sitiyaasyon imigrasyon ou an.
- Si ou gen kesyon oubyen preyokipasyon, **rele ActionNYC nan 1-800-354-0365 epi di "public charge"** (chaj piblik) pou konekte w ak èd jiridik Vil la finanse, ki gratis epi san danje.

Rete okouran sa k ap pase nan [NYC.gov/immigrants](https://www.nyc.gov/immigrants)